



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI NONMEN YON PÒSYON NAN SISTÈM OTOWOUT ETA A ANLONÈ JENERAL GENERAL WILLIAM 'WILD BILL' DONOVAN

***State Route 104 nan minisipalite Lewiston, nan Konte Niagara, pral rebatize
"General William 'Wild Bill' Donovan Memorial Highway"***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon lejislasyon (S.7827/A.10548) ki nonmen yon pòsyon nan Sistèm Otowout Eta a anlonè Jeneral William 'Wild Bill' Donovan. Pwojè lwa a dezilyen State Route 104 nan minisipalite Lewiston kòm "General William 'Wild Bill' Donovan Memorial Highway".

"Jeneral Donovan te rann nasyon nou an yon sèvis ekstrawòdinè epi li te gen yon enfliyans pwofon sou 1ye Gè Mondyal la, 2yèm Gè Mondyal la ak kominote modèn ransèyman ameriken an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se yon privilèj onore sèvis ak kouraj Jeneral Donovan gras a lejislasyon sa a, epi konsa garanti kontribisyon li an ap rete nan memwa nou pou jenerasyon k ap vini yo."

Jeneral William 'Wild Bill' Donovan, ki te fèt nan Buffalo, New York, ke yo rele Papa Ransèyman Ameriken an (Father of American Intelligence), se sèl Ameriken ki janm resevwa toulèkat pi gran dekorasyon militè ki genyen nan nasyon an:

- Meday Donè a (Medal of Honor)
- Kwa Sèvis Distenge a (Distinguished Service Cross)
- Meday Sèvis Distenge a (Distinguished Service Medal)
- Meday Sekirite Enteryè a (National Security Medal)

Jeneral Donovan te yon veteran dekore 1ye Gè Mondyal la epi li te fonde epi dirije Biwo Sèvis Estratejik la (Office of Strategic Services), predesesè CIA a, pandan 2yèm Gè Mondyal la. Jeneral Donovan te resevwa tou Etwal Dajan an (Silver Star) ak meday Purple Heart la, epitou yon kantite lòt lonè militè. Jeneral William Donovan te mouri nan dat 8 Febriye 1959 a laj 76 an, epi li antere nan Simityè Nasyonal Arlington nan.

Senatè Robert Ortt te deklare, "Jeneral Donovan se youn nan pi gran ewo militè peyi nou an janm wè, epi li enpòtan pou nou gen yon bagay k ap selebre kontribisyon li te fè nan peyi nou an. Kòm gen anpil moun ki gen dwa pa okouran lavi ekstrawòdinè patriyòt

sa a te viv la, n espere lè nou rebatize otowout sa a, sa pral souleve enterè lòt moun pou yo aprann kiyès mesye sa a te ye, epi an menm tan onore kontribisyon li an”.

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, “Jeneral Donovan te konsakre lavi li a peyi sa a, epi li te sèvi kòm ewo pou anpil moun nan New York ak toupatou nan nasyon an. Lejislasyon sa a pral ede garanti non li rete vivan pandan anpil jenerasyon. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo dèske li siyen pwojè lwa sa a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)